



CONSTRUCTION
ENFORCEMENT

Enfòmasyon Kontak

Adrès Biwo Anrejistremant Antreprenè yo:

252 Chapman Road, Suite 210
Newark, DE 19702

Telefòn: (302) 430-7739

Imèl: Contract.Registry@delaware.gov

Hours of Operation: 8am to 4:30pm



Orè de operasyon


Blue Hen Corporate Center
655 S. Bay Road, Suite 2H
Dover, DE 19901

8 Georgetown Plaza, Suite 2
Georgetown, DE 19947

Divizyon Afè Endistriyèl sipòte efò w yo nan bay yon espas travay ki jis e ki an sekirite. Ansanm, nou ka asire ke biznis ou a non sèlman satisfè egzijans legal yo, men tou pwospere atravè yon mendèv ki otorize.

Konfòmite Anrejistremant Antreprenè yo

Yon Gid Pou Anrejistremant
Antreprenè yo nan Delaware



DELAWARE DEPARTMENT OF LABOR
DIVISION OF
**INDUSTRIAL
AFFAIRS**



CONSTRUCTION
ENFORCEMENT

Èske w bezwen èd oswa ou vle rapòte yon vyolasyon?

Sa w dwe konnen:

Si ou se yon antreprenè nan Delaware, ou bezwen yon Sètifica Enskripsyon Antreprenè pou w kòmanse nenpòt travay konstriksyon oswa antretyen. Sa gen ladann yon pakèt sèvis tankou biling, jaden, pèsaj, ak mete echafodaj.

Li enpòtan pou w anrejistre pou asire w ke w respekte lwa travay ak taks leta yo, espesyalman pou pwojè gouvènman an. Yo ka itilize pòtay One Stop Delaware a pou tcheke si antreprenè yo anrejistre epi si yo suiv règ yo.

Poukisa sa Enpòtan:

Travay sou pwojè publik san w pa anrejistre ka lakòz:

- Reta nan pwojè yo
- Penalite Monetè
- Diskalifikasyon w nan fiti pwojè nan Delaware

Yon Anrejistreman Fasil gras ak Delaware One Stop

Anjeristre kounye a:

Li senp pou w jwenn Sètifica Enskripsyon Antreprenè w la atravè pòtay Delaware One Stop la. Sistèm Entènèt sa a la pou tout enskripsyon biznis ak bezwen lisans nan Delaware.

Kòmanse la:

Konekte oswa kreye yon nouvo kont nan:
onestop.delaware.gov

Metòd Altènatif:

Ou pito papye? Fòmilè aplikasyon yo disponib tou sou Entènèt pou w telechaje sou sitwèb Office of Construction Enforcement lan.

Kisa w ap Bezwen Pou w Anrejistre

Lis Verifikasiyon w la:

- Enfòmasyon biznis ou a (adrès, nimewo telefòn, elatriye)
- FEIN ou (Nimewo Idantifikasiyon Federal Anplwayè) oswa ITIN (Nimewo Idantifikasiyon Endividiyèl TAdministre), oswa SSN (Nimewo Sekirite Sosyal)
- Nimewo Lisans Biznis Delaware ou a
- Kòd NAICS (Sistèm Klasifikasiyon endistri Nò Ameriken) sèvis ou bay yo
- Lis nenpòt vyolasyon Lwa Travay nan de dènye ane yo
- Kat kredi, kat debi, oswa kont labank pou w peye frè yo
- Frè chak ane: \$300 pou travay publik; \$200 pou travay prive; \$500 pou tou de
- Yon ajan Delaware ak gadyen dosye a, si yo pa nan eta a

Anplis de sa, si w gen anplwaye:

- Règleman Endemnizasyon Travayè (Ou dwe soumèt kopi règleman yo)
- Nimewo Asirans Chomaj
- Yon plan sekirite ki konfòm a OSHA (Administrasyon Sekirite ak Sante Travay) (oswa kreye/jwenn aktivman)

Konprann Frè Anrejistreman w yo

Anrejistreman Inisyal yo:

- Travay Piblik:** Frè enskripsyon premye ak dezyèm ane yo se \$300 chak.
- Travay Prive:** Frè anyèl enskripsyon premye ak dezyèm ane a se \$200 chak.
- Travay Piblik ak Prive:** Frè anyèl enskripsyon premye ak dezyèm ane a se \$500 chak.
- Opsyon Enskripsyon Bi Anyèl:** Apre de ane konsekitif konfòmite san vyolasyon lalwa travay:
 - Travay Piblik:** Ka chwazi pou yon enskripsyon 2 ane pou \$500.
 - Travay Prive:** Ka chwazi pou yon enskripsyon 2 ane pou \$300.
 - Travay Piblik ak Prive:** Can opt Ka chwazi pou yon enskripsyon 2 ane pou \$800.

Note byen: Tout frè yo pa ranbousab. Konfòmite ak lwa travay enpòtan anpil pou kalifikasyon pou opsyon enskripsyon 2 zan an.



CONSTRUCTION
ENFORCEMENT